

Patient Education

COVID-19 Vaccine (mRNA)

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Pwononsyasyon

(KO vid nine teen vak SEEN m R N A)

Mak: Etazini

Comirnaty; Moderna COVID-19 Vac (Booster); Moderna COVID-19 Vaccine; Pfizer COVID-19 Vac-TriS 5-11y; Pfizer-BioNT COVID-19 Vac-TriS; Pfizer-BioNTech COVID-19 Vacc; Spikevax COVID-19 Vaccine

Mak: Kanada

Comirnaty; Spikevax

Pou ki bagay yo itilize medikaman sa a?

- Yo sèvi avè l pou evite COVID-19.

Ki sa mwen sipoze di doktè a ANVAN pitit mwen pran medikaman sa a?

- Si medikaman sa a, nenpòt pati nan medikaman sa a (sa gen ladan l poliyetilèn glikòl), oswa lòt medikaman, manje oswa sibstans (sa gen ladan l polisòbat) bay pitit ou alèji. Pale ak doktè a sou alèji a ak sou sentòm pitit ou te sibi yo.
- Si pitit ou gen COVID-19, si l gen nenpòt sentòm ki ka soti nan COVID-19 la, si l ap tann pou resevwa rezilta nan yon tès COVID-19, oubyen si l te gen COVID-19 sa pa gen lontan.
- Si pitit ou gen yon maladi ki mache avèk lafyèv.
- Si pitit ou te janm gen sèten pwoblèm kè (myokadit, perikadit).
- Si pitit ou te janm gen yon pwoblèm sante yo rele sendwòm enflamatwa miltisistemik (MIS).
- Si pitit ou a devlope pwoblèm senyman.
- Si pitit ou ap pran aspirin oswa yon anti-kowagilan.
- Si pitit ou te resevwa yon lòt kalite vaksen kont COVID-19 la.
- Si pitit ou te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19 la nan 14 jou ki sot pase yo.

- Sa pa yon lis tout medikaman ak tout pwoblèm sante ki gen move reyaksyon avèk medikaman sa a.
- Fè doktè a ak famasyon an konnen tout medikaman pitit ou ap pran (sou preskripsyon oubyen san preskripsyon, pwodui natirèl, vitamin) ak tout pwoblèm sante li genyen. Ou dwe asire w pa gen danje pou w bay pitit ou medikaman sa a avèk tout lòt medikaman k ap pran yo ak tout pwoblèm sante li genyen yo. Pa kòmanse, kanpe ni chanje dòz nenpòt medikaman pitit ou ap pran san w pa pale sa avèk doktè a.

Se ki bagay mwen sipoze konnen oswa fè pandan pitit mwen ap pran medikaman sa a?

- Fè tout pwofesyonèl swen medikal pitit ou yo konnen pitit ou ap pran medikaman sa a. Sa gen ladan l tout doktè, enfimyè, famasyon ak dantis ki konn trete pitit ou.
- Vaksen sa a pa kapab lakòz COVID-19.
- Pitit ou ap gen pou resevwa 2 dòz vaksen sa a. Toulede dòz yo nesèsè pou jwenn plis pwoteksyon. Kèk moun ka bezwen yon twazyèm dòz tou. Yo gendwa bay kèk moun yon dòz boustè tou. Veye pou konnen ki lè ou sipoze mennen pitit ou tounen pou pran dòz li yo. Si pitit ou te sibi yon reyaksyon grav apre premye dòz la, pale sa ak doktè a.
- Pa gen moun ki konnen pou konbyen tan moun ki pran vaksen sa a ap pwoteje kont COVID-19 la.
- Menm jan ak tout vaksen yo, vaksen sa a ka pa pwoteje tout moun ki vaksine yo nèt. Poze doktè a nenpòt kesyon ou genyen.
- Si pitit ou sibi kèk efè segondè apre yon dòz, asetaminofèn oswa yon medikaman anti-enflamatwa ki pa gen estewoyid (NSAID) tankou ibipwofèn oswa napwoksèn ka ede li.
- Efè segondè yo ka parèt pi souvan apre dezyèm dòz la. Si w gen kesyon sou dezyèm dòz la, pale sa ak doktè a.
- Apre pitit ou pran vaksen an, veye pou li kontinye fè tout sa ki nesèsè pou evite gaye COVID-19 la jan ofisyèl sante piblik lokal yo rekòmande sa. Kèk nan aktivite sa yo se lave men w souvan, mete yon kach-nen, rete sou yon distans omwen 6 pye avèk lòt moun, epi evite foul moun.
- Si pitit ou gen yon sistèm iminitè ki fèb oswa si li pran medikaman ki fè sistèm iminitè l la vin fèb, pale sa ak doktè a. Vaksen sa a ka pa gen menm efikasite.
- Moun ki te pran vaksen sa a anvan oswa pandan yon transplantasyon selil souch oswa pandan yon terapi reseptè antijèn chimerik [CAR]-T ka bezwen pran yon lòt vaksen. Si pitit ou te swiv oswa si l gen pou l swiv youn nan tretman sa yo, pale sa ak doktè a.
- Si pitit ou te resevwa yon enjeksyon yon jèl pou ranpli pli yo sou po a, pale sa ak doktè a. Raman, sa te rive pou zòn ki te resevwa jèl sa a oswa ki toupre l la (an jeneral, sou figi a oswa sou po bouch la) anfle apre moun nan te resevwa yon dòz vaksen sa a. Lè sa rive, sa pap dire lontan e pwoblèm nan ap disparèt ak yon tretman.

- Raman, gen kèk ka paralize Bell ki te rive pandan kèk etid. Yo pa konnen si se vaksen sa a ki lakòz sa. Fè doktè w konnen si pitit ou te janm gen paralize Bell. Rele doktè a tousuit si pitit ou gen sentòm tankou mis ki fèb oswa mis ki tonbe sou yon bò figi li.
- Se pa tout pwodwi timoun yo sipoze pran. Pale sa ak doktè a.
- **Si pitit ou ansent oswa si l ap bay timou tete:**
- Si pitit ou ansent, si l gen lide fè pitit oswa si l ap bay timoun tete, fè doktè l la konn sa. W ap gen pou pale sou avantaj ak danje ki genyen pou pitit ou ak bebe a.

Se ki efè segondè ki ta dwe pouse mwen rele doktè pitit mwen tousuit?

- **AVÈTISMAN/PREKOSYON:** Menmsi li ka ra, kèk moun ka gen efè segondè ki grav anpil epi pafwa ki lakòz yo mouri lè yo pran yon medikaman. Fè doktè pitit ou konnen oswa chèche èd medikal tousuit si w gen nenpòt nan siy oswa sentòm sa yo ki ka asosye avèk yon efè segondè ki grav anpil:
 - Sentòm yon reyaksyon alèjik, tankou tach; itikè; gratèl; po wouj, anfle, ak zanpoud ki leve oswa k ap dekale avèk oubyen san lafyèv; souf anlè; pwatrin oswa gòj sere; difikilte pou respire, pou vale oswa pou pale; vwa anwe ki pa nòmal; oubyen bouch, figi, po bouch, lang oswa gòj ki anfle.
 - Batman kè ki rapid oswa ki dousman, respirasyon rapid, toudisman, endispozisyon, feblès, anksyete, twoublay, oswa chanjman nan vizyon oswa nan odisyon. Sentòm sa yo se ka lòt sentòm yon reyaksyon alèjik grav oswa yon lòt kalite reyaksyon.
 - Mwens sansibilite nan sans touche a.
 - Angoudisman oswa pikotman.
 - Raman, sa te rive pou kèk moun gen pwoblèm kè akòz vaksen ARNm kont COVID-19 la. Leplisouvan, sentòm yo kòmanse parèt sou 7 jou apre dezyèm dòz la. Pwoblèm kè sa yo ka parèt plis kay moun ki gen COVID-19 pase kay moun ki pran vaksen sa a. Rele doktè a tousuit si pitit ou gen doulè nan pwatrin; souf kout; oubyen si pitit ou santi kè li ap bat vit, l ap bat fò oswa gen anpil presyon sou kè a. Si w gen kesyon oswa si w gen kèk bagay ki trakase w konsènan enfòmasyon sa yo, pale sa ak doktè a.

Ki lòt efè segondè medikaman sa a genyen?

- Tout medikaman gendwa lakòz efè segondè. Toutfw, anpil moun pa gen okenn efè segondè oubyen yo sèlman gen ti efè segondè. Rele doktè pitit ou oswa chèche èd medikal si pitit ou gen nenpòt nan efè segondè sa yo oswa si nenpòt lòt efè segondè ap nwi pitit ou oswa yo pa disparèt:
 - Doulè, woujè oswa anfleman kote enjeksyon an te antre a; tèt fè mal; doulè nan mis oswa nan atikilasyon; lafyèv ki nan 100,4°F (38°C) oswa plis; frison; lestomak deranje, vomisman, mwens grangou oswa dyare; glann ki anfle oswa ki sansib; oswa sansasyon ou fatigue oswa malad. Pifò efè segondè yo lejè oswa modere. Leplisouvan, se sou 3 jou apre enjeksyon an yo te parèt, lèfini yo te disparèt apre 1 a 3 jou.

- Gen moun ki vin gen doulè, woujè oswa anfleman nan zòn kote enjeksyon an antre a sou kèk jou oswa kèk semèn apre premye enjeksyon an. Si sa ta rive, pale sa ak doktè a. Fè pitit ou pran dezyèm dòz la nan lòt bra a.
- Sa yo pa tout efè segondè ki ka genyen. Si w gen kesyon sou efè segondè yo, rele doktè pitit ou a. Rele doktè pitit ou a pou li ba w konsèy medikal sou efè segondè yo.
- Ou ka fè rapò sou efè segondè yo ba ajans sante nasyonal ou.

Se ki pi bon fason pou bay medikaman sa a?

- Pran medikaman sa a jan doktè pitit ou a te preskri l la. Li tout enfòmasyon yo ba w yo. Swiv tout enstriksyon yo ak anpil atansyon.
- Yo bay medikaman sa a kòm piki nan mis yo.
- Yo pral siveye pitit ou ak anpil atansyon pandan l ap pran medikaman sa a epi pandan kèk tan annapre. Pale sa ak doktè pitit ou.

Ki sa pou m fè si pitit mwen manke pran yon dòz?

- Rele doktè a pou konnen sa pou w fè. Pou jwenn plis pwoteksyon kont COVID-19 la, li enpòtan pou pitit ou pa manke ni rate okenn nan dòz yo.

Ki jan pou m sere ak/oswa jete medikaman sa a?

- Y ap bay pitit ou enkesyon an nan yon etablisman sante. Ou pap sere li lakay ou.

Enfòmasyon jeneral sou medikaman an

- Si sentòm oswa pwoblèm sante pitit ou a pa amelyore oswa si li vin pi mal, rele doktè pitit ou a.
- Pa bay lòt moun medikaman pitit ou epi pa bay pitit ou medikaman okenn lòt moun.
- Ranje tout medikaman yo yon kote ki pa gen danje. Mete tout medikaman yo yon kote timoun ak ti bèt kay pa ka pran yo.
- Jete nenpòt medikaman ou pa t itilize oswa ki ekspire. Pa floche l nan twalèt la ni lage l nan lavabo a, sof si yo di w fè sa. Konsilte famasyen w lan si w gen kesyon sou pi bon fason pou w jete medikaman sa a. Ka gen pwogram pou remèt medikaman w yo nan zòn kote w rete a.
- Kèk medikaman ka gen yon lòt depliyon ki bay enfòmasyon pou pasyan yo. Depi w gen nenpòt kesyon sou medikaman sa a, tanpri pale sa avèk doktè pitit ou a, enfimiyè a, famasyen an oubyen lòt founisè swen medikal.
- Si ou panse te gen yon òvèdòz, rele sant kontwòl pwazon oswa chèche swen medikal touswit. Prepare ou pou di oswa pou montre medikaman ou te pran an, dòz ou te pran, epi lè sa te rive.

Itilizasyon enfòmasyon konsomatè yo ak avi legal: Dokiman jeneral sa a se yon ti rezime sou dyagnostik, tretman ak/oswa medikaman. Li pa bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo. Kidonk, ou pa ta dwe sèvi avè l kòm yon zouti pou ede itilizatè a konprann ak/oswa evalye diferan dyagnostik ak tretman ki posib yo. Li PA bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo sou pwoblèm sante, tretman, medikaman, efè segondè oswa risk

ki gendwa aplike pou yon pasyan an patikilye. Li pa sipoze bay konsèy medikal ni li pa la pou ranplase konsèy medikal, dyagnostik oswa tretman yon pwofesyonèl sante bay apre li egzamine pasyan an e apre li evalye sitiyaasyon espesifik li a. Pasyan yo dwe pale ak yon pwofesyonèl sante pou jwenn tout enfòmasyon yo bezwen yo sou sante yo, pou jwenn repons pou kesyon medikal yo, pou aprann ki tretman ki disponib yo e pou konnen ki risk ak avantaj ki mache ak medikaman yo. Enfòmasyon sa yo pa fè pwomosyon pou okenn tretman oswa medikaman kòm tretman oswa medikaman ki bon, ki efikas oswa ki apwouve pou trete yon pasyan an patikilye. UpToDate, Inc. ak konpayi ki afilye avè l yo pa bay okenn garanti ni yo pa aksepte okenn responsablite konsènan enfòmasyon sa yo ak fason moun yo itilize yo. Tout moun ki itilize enfòmasyon sa yo dwe respekte kondisyon itilizasyon yo, ki disponib sou <https://www.wolterskluwer.com/en/know/clinical-effectiveness-terms>.

Last Updated 6/8/22



© 2022 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All rights reserved.